



Pou Piblikasyon Imedya: 04/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS YO NAN LAPOLIS ETA A POU EDE NAN ANKÈT SOU GRAFITI RASIS AK ANTI-SEMIT YO NAN COMMACK

"Mwen konstène epi mwen degoute pou aprann ankò ke yo ap itilize senbòl anti-Semit, rasis yo pou entimide konpatriyòt Nouyòkè nou yo - fwa sa a nan Pak Sunshine Acres (Sunshine Acres Park) nan Commack.

Pa gen okenn plas pou rayisans nan New York epi lach yo ki dèyè zak detestab sa yo ta dwe konnen aksyon yo a sèvi sèlman pou rann nou vin pi pre ansanm.

Mwen ap bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Task Force) pou ofri asistans bay otorite lokal yo nan ankèt la sou zak degoutan sa a. New York se yon flanbo tolerans ak espwa, epi nou pral fè tout sa ki nan pouvwa nou pou asire nou ke nou pouswiv otè zak meprizab sa yo nan tout limit lalwa pèmèt".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)